



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU ANPECHE OVÈDÒZ
OPYOYID SOU KANPIS FAKILTE A POU REKONÈT SEMÈN RIBAN WOUJ LA**

Lejislasyon (S.3448A/A.4485B) egzije pou kanpis yo pote medikaman antagonis opyoyid vital yo nan inite lojman yo, ansanm ak asistan rezidan pou fòmasyon pou administre pandan ijans ovèdòz yo

An rekonesans ak Semèn Riban Wouj la, Gouvènè Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.3448A/A.4485B) ki pral egzije tout fakilte piblik yo nan New York pou jwenn yon rezèv antagonis opyoyid nan etablisman lojman yo. Antagonis opyoyid, tankou Naloxone, se medikaman ki sove lavi ki elimine efè fatal yon ovèdòz opyoyid. Anplis pou asire tout etablisman lojman Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) posede ak jere gen medikaman vital sa a, asistan rezidan yo ak lòt anplwaye yo deziyen nan fakilte yo pral resevwa fòmasyon pou administre antagonis sa yo nan ka ijans pou ovèdòz.

"Nan siyen lejislasyon sa a, medikaman pou prevansyon ovèdòz ki sove lavi yo pral obligatwa nan lojman kanpis SUNY ak CUNY, ansanm ak anplwaye ki resevwa fòmasyon sou plas - ki mennen nan tan repons pi rapid epi ede anpeche trajedi ki pa nesèsè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pral kontinye travay chak jou pou konbat epidemi opyoyid la epi bay Nouyòkè yo plis aksè nan resous, sèvis ak swen pou sove lavi".

Pwojè lwa sa a vini an repons a kriz epidemi opyoyid k ap kontinye a. Ovèdòz opyoyid yo te depase asasina ki gen rapò ak zam ak aksidan machin kòm kòz prensipal lanmò pou Ameriken ki poko gen 50 ane, avèk 64,000 moun ane pase yo estime ki te pèdi lavi yo. Eta New York pa yon eksepsyon nan kriz sa a, li te gen plis pase 2,939 moun ki te fè yon ovèdòz ki mouri nan ane 2019.

Risk lanmò nan ovèdòz yo kontinye wo anpil pami tout gwoup demografik yo ak pami rezidan yo nan prèske chak katye Vil New York. Lè gen antagonis opyoyid sou plas nan lekòl yo ak asistan rezidan ki resevwa fòmasyon ki kapab administre antijèn sa yo, medikaman sa yo ki sove lavi se yon solisyon bon sans pou anpeche plis lanmò ki gen rapò ak ovèdòz.

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Chak segonn konte pandan yon ovèdòz opyoyid, epi nan egzije Narcan nan tout lojman SUNY ak CUNY yo, avèk etidyan ki resevwa fòmasyon sou RA kòm ranplasan, nou pral sove plis jèn lavi epi transfòme sekirite sou lakou lekòl la. Mwen ekstrèmman fyè pou m sipòte lejislasyon sa a ki pral ede nou konbat epidemi opyoyid la nan tout ang, sove lavi, epi mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen li".

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Atravè tout New York, epidemi opyoyid la kontinye menase epi deranje kominote yo. Nou pa kapab epi nou p ap abandone batay pou sove lavi yo epi kanpe bò kote moun k ap konbat adiksyon. Mwen trè fyè dèske m ap travay avèk Gouvènè Hochul, Senatè Hinchey, ak lidè edikasyon atravè eta nou an pou asire nou ekipe avèk zouti ak konesans pou anpeche ovèdòz lè ak kote yo rive".

Siyati sa a se pou rekonèt Semèn Riban Wouj la, yon pati nan pi gwo kanpay prevansyon abi dwòg nan peyi Etazini. Kanpay Riban Wouj la sèvi pou mobilize kominote yo pou edike jèn yo epi ankouraje patisipasyon nan aktivite sou prevansyon dwòg. Depi lè sa a, kanpay la te rive atenn plizyè milyon timoun ak fanmi Ameriken nan efò li pou kenbe kominote yo an sekirite, an sante ak san dwòg, atravè fòmasyon paran yo, koneksyon ant moun.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418